



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 6YÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA 2017
LAN: METE DEYÒ NAN ENDISTRI SÈVIS FINANSYE AN TOUT MOUN KI GEN
MOVÈZ KONDUIT**

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a yon nouvèl pwopozisyon pou pwoteje konsomatè yo kont movèz konduit ak tout kalite manti nan endistri sèvis finansye an. Li mande pou yo otorize Sipèrèntandan Sèvis Finansye eta a (State Superintendent of Financial Services) pou li mete deyò moun ki mal aji nan endistri bankè ak endistri finans, tankou paregzanp moun ki gen konpòtman yo te dekouvri nan eskandal Wells Fargo a.

“New York se sant finansye lemonn e nou p ap tolere moun k ap chèche vòlè lajan konsomatè yo epi gate sistèm nan,” **Gouvènè Cuomo di.** “Eksè ak abi sistematik ki osant eskandal Wells Fargo a, se yon bagay inaseptab. New York, ki jwe wòl yon detandè, ap pran gwo mezi pou rejte movèz konduit sa a epi asire li ke tout moun malonèt sa yo pa janm travay nan endistri sa a ankò.”

Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, New York fè gwo jefò pou kontwole endistri finans la epi pwoteje konsomatè. An 2011, Gouvènè a te konbine ansyen Depatman Bank ak Depatman Asirans yo (Banking and Insurance Departments) pou met sou pye Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS). Depi kreyasyon li, Depatman an tounen pi gwo detandè finansye ki genyen; li pote plizyè milya dola grasa mezi li pran pou pwoteje konsomatè yo. Sepandan, ofiyamezi endistri sèvis finansye an kontinye chanje, mezi New York pran pou kontwole endistri bankè a, avèk aktivite prè yo, dwe chanje tou.

Kounye a, Gouvènè a ap eseye amelyore pi plis toujou jefò eta a fè; se pou sa l ap bay Sipèrèntandan DFS otorite pou li mete deyò nan endistri sèvis finansye a tout moun malonèt ki gen kalite movèz konduit sa a. Espesifikman, nouvèl lwa yo pwal ajoute yon seksyon nan Lwa sou Sèvis Finansye New York (New York's Financial Services Law) pou diskalifye senten moun nan endistri bank ak asirans yo si, apre yon odyans, Sipèrèntandan an deside yo fè yon bagay ki tèlman grav sa afekte kapasite yo genyen pou yo kontinye patisipe nan endistri a.

Pwopozisyon sa a se dènye mezi Eta New York pran adat, pou ede evite sitiwayon

tankou sa ki te pase Wells Fargo resaman. Yo te fè bank la peye amann poutèt li te ouvri kontanbank yon fason malonèt epi li te vann pwodui bay konsomatè yo san yo pat dakò oswa san yo pat okouran. Movèz konduit sa a, se te rezilta abitud bank la te genyen pou l ap bay boni selon kantite vant anplwaye yo fè. Apre eskandal sa a, DSF te di konsa New York pap asepte zafè konpansasyon baze sou motivasyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418